

# Chirariro chalshe



Ipapo akatora mukombe, akavonga uye akavapa  
achiti, “Inwai mose.” Mateo 26:27

## **Mateo 26:17-19, 26-30 - Chirariro chalshe**

**Pazuva rokutanga roMutambo weZvingwa  
Zvisina Mbiriso, vadzidzi vakauya kuna Jesu  
vakasvikomubvunza vachiti, “Ndokupi kwamunoda  
kuti tindokugadzirirai kuti mugodyira Pasika?”**

**18 Akavapindura akati, “Endai muguta kuno mumwe  
murume munosvikomuudza kuti, ‘Mudzidzisi  
anoti: Nguva yangu yakatarwa yava pedyo.  
Ndichapemberera Pasika navadzidzi vangu mumba  
mako.” 19 Saka vadzidzi vakaita sokurayirwa kwava  
kanga vaitwa vakandogadzira Pasika.**

**26 Vachiri kudya, Jesu akatora chingwa, akavonga  
akachimedura, uye akapa vadzidzi vake, achiti, “Torai  
mudye; uyu ndiwo muviri wangu.”**

**27 Ipapo akatora mukombe, akavonga uye akavapa  
achiti, “Inwai mose. 28 Iri iropa rangu resungano itsva  
rinodururirwa vazhinji kuti vagoregererwa zvivi zvavo.**

**29 Ndinokuudzai kuti, handichazonwi zvibereko  
zvomuzambiringa kubvira zvino kusvikira zuva iro  
randichazvinwa patsva nemi muumambo hwaBaba  
vangu.”**

**30 Vakati vaimba rwiyo, vakabuda vakaenda kuGomo  
reMiorivhi.**